



PEMERINTAH KABUPATEN BLITAR
KELOMPOK KERJA GURU KELAS V SELOPURO
ASESMEN SUMATIF TENGAH SEMESTER I
TAHUN PELAJARAN 2025/2026



Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Nama :
Kelas : V (Lima)	Waktu :
Sekolah Dasar :	Nilai :
Hari/Tanggal :	

I. Pilihlah wangsulan sing kokanggep paling bener!

Wacan kanggo wangsulan nomer 1-5

Dino minggu Rudi, Rendi, Rafi, Riko, lan Roki arep dolanan ning taman. Rudi, Rendi, Rafi, Riko, lan Roki dolanan delikan ning taman. Kabeh bocah dolanan karo ati bungah. Saliyane dolanan delikan, Rendi dolan mlayu-mlayu karo kancane. Bubaran dolanan sakbenere Rendi kesel lan ngelak. Mula akhire Rendi lan kancane tuku lan ngombe es krim. Rendi lan kancane mangan es krim neng cedhak lapangan, sinambi ndelok bocah-bocah padha dolanan bal-balan.

1. Tema sing diangkat sajrone teks narasi kasebut yaiku dolanan sing ...
A. Nyenengake B. Mbebayani C. Angel D. Murah
2. Tokoh utama sajrone teks narasi kasebut yaiku ...
A. Rudi B. Rendi C. Rafi D. Riko
3. Sapa sing dolanan bal-balan?
A. Rudi lan kancane B. Rendi lan kancane C. bocak-bocah D. kancane bocah-bocah
4. Jinise alur ing teks narasi kasebut yaiku ...
A. Maju B. Mundur C. Maju-mundur D. Campuran
5. Sing ono ning teks narasi kasebut bocah-bocah dolanan ...
A. Delikan C. Delikan karo bal-balan
B. Delikan lan mlayu-mlayu D. Delikan, bal-balan, lan mlay-mlayu
6. Nalika ngalami sawijine kedadean kang nyedihake, becik bisa ...
A. Meneng wae C. Njipuk hikmahe B. Muni-muni D. Nyalahake wong liya
7. Reno wis sukses anggone angon wedhus. Kedadean iki bisa dadi piwulang supaya ...
A. Dadi wong kang adigang C. Ditarlarke marang wong liya
B. Disimpen dewe D. Ora perlu dibaleni
8. Sing perlu ditemtokake sepisanan nalika arep nulis crita bab kedadean yaiku ...
A. Tema karangan B. Cengkorongan karangan C. Paraga karangan D. Alur karangan
9. Kedadean sing kuang nyenengake bisa dadi piwulangan yaiku kaya ing ngisor iki, kejaba ...
A. Luwih ati-ati C. Ngitung-itung sadurunge tumindak
B. Luwih waspada D. Mbaleni kedadean sing padha

Wacan kanggo wangsulan nomer 10-15

Sekaten (saking tembung Syahadatain utawa kalih tembung syahadat) inggih menika acara mengeti ambal warsanipun Nabi Muhammad s.a.w. sing diwontenaken ing saben tanggal 5 sasi Jawa Mulud (Rabiul awal tahun Hijrah) ing alun-alun lor Surakarta lan Yogyakarta. Upacara meniki kala biyen diwontenaken kalih Sultan Hamengkubuwana I, pandiri keraton Yogyakarta kangge ngundang masyarakat mlebet agami Islam. Ing hari sapisan, upacara diwiwiti ing dinten dalu kalih iring-iringan abdi Dalem (punggawa kraton) sami-sami diiringi kalih set gamelan Jawa: Kyai Nogowilogo lan Kyai Gunturmadu. Iring-iringan meniki kawiwitan saking pendopo Ponconiti tekan masjid Agung ing alun-alun lor dikawal kalih prajurit Kraton. Kyai Nogowilogo badhe manggoni sisih lor saking masjid Agung, sementara iku Kyai Gunturmadu badhe manggoni ing Pagongan sisih kidul masjid. Kalih set gamelan iku badhe dimainaken sesarengan nganti tanggal 11 wulan Mulud suwine 7 dinten katurut-turut. Ing dalu dinten keru dewe, kalih gamelan niki badhe dibeta wangsul ing Kraton.

10. Upacara sekaten iku dianakake ana ing kutha ...
A. Kartasura C. Surakarta B. Ngayogya D. Surakarta lan Yogyakarta

11. Sekaten dianakake mbarengi wiosane ...
A. Nabi Muhammad C. Raja Surakarta B. Para wali D. Kyai Nogowilogo
12. Anggone nabuh gamelan sekaten surakarta iku mapan ana ing ...
A. Mesjid Agung C. Njero mesjid Agung B. Sasana paseban D. Alun-alun lor
13. Upacara diwiwiti ing dinten dalu kalih iring-iringan sing diiringi set gamelan ...
A. Kyai Nogowilogo lan Kyai Gunturmadu C. Kyai Nogowilogo
B. Kyai Gunturmadu D. Abdi Negara
14. Suwine set gamelan dimainake yaiku ...
A. 5 dino B. 6 dino C. 7 dino D. 12 dino
15. Gamelan-gamelan sing digawe upacara sekaten disimpen maneh ing ...
A. Omah B. Kraton C. Masjid D. Alun-alun
16. Lafal tembung-tembung nalika maca teks pawarta kudu cetha. Lafal uga diarani ...
A. Intonasi B. Pocapan C. Ekspresi D. Jeda
17. Cendhek dhuwure irama nalika maca kudu pas. Cendhek dhuwure irama uga diarani ...
A. Intonasi B. Pocapan C. Ekspresi D. Jeda
18. Bu guru sampun nalika kula nembe dugi. Tembung sing bener kanggo ngenepi ukara ing dhuwur yaiku ...
A. Rawuh B. Teka C. Dugi D. Dhateng
19. Rudi tuku HP anyar. Ukara iku kalebu ...
A. Krama alus B. Krama madya C. Ngoko alus D. Ngoko lugu
20. Ukara ing ngisor iki sing kalebu krama alus yaiku ...
A. Ibu mundhut bayem dhateng pasar. C. Ibu tumbas bayem dhateng pasar.
B. Ibu tuku bayem dhateng pasar. D. Ibu mundhut bayem ning pasar.

II. Wangsulono pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi wangsulan kang patitis!

Gatekno teks ing ngisor iki (kanggo soal nomer 1-5)

Ing jaman biyen, bocah-bocah seneng main dolanan tradisional. Ana dolanan kayata gobag sodor, jamuran, dakon, lan engklek. Dolanan kasebut ora mung kanggo seneng-seneng, nanging uga nduweni manfaat kanggo nglatih kerjasama, kecerdasan, lan ketangkasan.

1. Dolanan tradisional yaiku dolanan sing diwarisake saka ___ lan isih dilakoni nganti saiki.
2. Ana pirang-pirang dolanan tradisional, kayata ___, ___, ___, lan engklek.
3. Dolanan ___ bisa nglatih bocah supaya cepet mlayu lan kerja bareng klompok.
4. Dolanan ___ bisa nglatih kecerdasan amarga kudu mikir strategi.
5. Dolanan jamuran nyenengake amarga dilakoni kanthi ___ lan diiringi lagu.

Gatekno teks ing ngisor iki (kanggo soal nomer 6-10)

Dina Minggu, tanggal 1 September 2025, SD Tegalrejo 01 nganakaké lomba kebersihan kelas. Kegiatan iki dituju supaya siswa luwih nggatekake kebersihan lan kerukunan bebarengan. Saben kelas padha ngias lan ngresiki ruangane. Juara kapisan diparahi Kelas 5 amarga paling resik lan kreatif ngias kelasé.

6. Pawarta iku kudu nyritakake ... sing sejatine kelakon.
7. SD Tegalrejo 01 nganakake lomba kebersihan kelas ing tanggal ...
8. Saben kelas ngias lan ngresiki ...
9. Juara kapisan lomba kebersihan yaiku ...
10. Tujuan lomba yaiku kanggo nglatih siswa supaya luwih ... lan luwih ...